ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОК!

№155 (22.563) • 2013 гъэм шыщхьэуІум (августым) и 13, гъубж • ТхьэмахуэМ тхуэ къыдокІ • И уасэр соми 3-щ • adygheamail.ru adygheprale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен УхуакІуэм и махуэм ирихьэлІэу

ЗЭРЫЗАХУИГЪАЗЭР

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымрэ Правительствэмрэ я цІэкІэ икІи си щхьэкІэ ухуакІуэ комплексым и лэжьакІуэхэм си гум кьыбгъэдэкІыу сохъуэхъу я гуфІэгъуэмкІэ - УхуакІуэм и махуэмкІэ.

Ухуэныгъэ индустриер щытщ лъэпкъ экономикэм мыхьэнэ иІ дыдэ зиІэ и ІэнатІэхэм ящыщ зыуэ икІи абы кьыхэкІыу ухуакІуэхэрщ абы и зыужьныгъэр зыунэтІыр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и ухуакІуэ комплексым сыт щыгъуи щылэжьащ зи Іэщ-Іагъэм куууэ хэзыщІыкІ щыхухэр, жылагъуэм пщІэрэ щІыхьрэ зыщыхъущІ лэжьакІуэ иэсхэр икІи уэзщІакІуэхэр. Абыхэм зэрыгушхуэн яІэщ - республикэм ильэс къэс щыхохъуэ псэупІэу щаухуэхэм, иджырей спорт, социальнэ, щэнхабзэ ІуэхущІапІэхэр кьыкъуокІ, инвестицэ проектыщхуэхэр щагъэзащІэ.

Мы махуэм фЫщІэ псалъэхэр щхьэхуэу яхуэфащэщ ІэнатІэм и ветеранхэм. Фэ фи ІэщІагъэм фызэрыхуэпэжьым, фи псэмыблэж лэжьыгъэм я фІыгъэкІэ мыхьэнэ ин дыдэ зиІэ псэуалъэхэр, псэупІэ унэхэмрэ школхэмрэ, гъуэгуэмрэ лъэмыжьхэмрэ кьызэфІагъэзыщ.

УхуакІуэм я иджырей щІэблэми хэтлъхьэныгъэшхуэ хуащІ мыхьэнэшхуэ дыдэ зиІэ къэрал къалэмхэр зэфІэгъэкІыным икІи ардыдэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыхуэхэм я псэукІэр ирагъэфІакІуэ, къэкІуэну махуэм хуаІэ фІэщхъуныгъэр ягъэбыдэ.

Республикэм и ухуакІуэ комплексым и лэжьакІуэ псоми сохъуэхъу узыншагъэ, фІыгъуэ яІэну, я лэжьыгъэм ехьулІэныгъэшхуэхэр кьыщахьыну.

Министрыр йохъуэхъу

Къанокъуэ Арсен и цІэкІэ къэкІуащ Урысей Федерацэм щыналъэ зыужьныгъэмкІэ и министр Слюняев Игорь кьыбгъэдэкІ тхыгъэ, Абыкіэ министрыр КъБР-м и ухуакІуэ ІэнатІэм и лэжьакІуэхэмрэ ветеранхэмрэ я гуфІэгъуэмкІэ кьохъуэхъу.

«СЫТ ХУЭДЭ лъэхъэнэми ухуакІуэм и лэжьыгъэм ди къэралым пщІэшхуэ щыхуащІу щытащ, ухуэныгъэ ІэнатІэм куэдкІэ еубзыху къэралым и экономикэ, технологие зыужьныгъэр. Мы зэманым ухуэныгъэм кьыхэзщІеубыдэ щІыхубэ хозяйствэм и ІэнатІэ 30-м щигъу. Ахэр хуолажьэ щІыхуэхэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным, - итщ тхыгъэм. - Дэ кьыгтэщытщ жэуапІэныгъэ ин зыпыль къалэн гугъу зыбжанэ. Ильэс гъэнэгъуэхэм ухуэныгъэм зедгъэубгъун, щыпщІэр дгъэмэщІэн, щІыхуэхэм псэупІэхэр яІэрыхьэфын хуэдэу Іэхуэхэр зэтедухуэн хуейщ. Ахэр тхуэгъэзэщІэн папщІэ дэ Іэмалуи хэкІыпІэуи щыІэр кьэдгъэсэбэпхьэщ. Си гуапэщ ухуакІуэ ІэнатІэм и лэжьакІуэхэмрэ ветеранхэмрэ зэуэнщагъэ быдэ, насып, фІыгъуэ, екъулІэныгъэхэр яІэну».

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОК!

№155 (22.563) • 2013 гъэм шыщхьэуІум (августым) и 13, гъубж • ТхьэмахуэМ тхуэ къыдокІ • И уасэр соми 3-щ • adygheamail.ru adygheprale.ru

КъБР-м и Іэтащхьэм къыхелъхьэ

● Жэрдэм

Республикэм и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен и жэрдэмкІэ дамыгъэщІэ - «Къэбэрдей-Балъкъэрым ЛъжьыгъэмкІэ и ЛІыхъужь» щІэр - ягъэувынущ. Ар абы кьыщыхилъхьащ жылагъуэм щахуэзам.

- КЪЭРАЛЫМ и Президент Путин Владимир иджыблагъэ кьыдихьыжа УФ-м ЛъжьыгъэмкІэ и ЛІыхъужь щІэр Хэкумрэ зэрыщыту Урысей лъэпкъыбзэмрэ я пащхьэ кьыщагъэлъагъуэ гуащІэдэкІ нэхъ льагэ дыдэм хуэфащэ пщІэр кьыззэралытэ дамыгъэ нэхъыщхьэщ, - ягу кьиІэжьыжащ республикэм и Іэтащхьэм. - «КъБР-м ЛъжьыгъэмкІэ и ЛІыхъужь» щІэр зэудгъэфащэ хьунущ промышленнэ, мэкъумэщ ІэнатІэхэм, транспортым, ухуэныгъэм, щІэныгъэм, щэнхабзэм, егъэджэныгъэм, узыншагъэр хьумэным, нэгъэущІ Іуэхуэмэ зегъэужьыныр хьыхьэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и социально-экономикэ зыузэщІыныгъэм хуэфащэ хэлъхьэщащ ди цІыхуэхэм.

Республикэм и Іэтащхьэм кьыхилъхьащ Москва къыпэзыкІуэ автомобиль гъэзэгъэнхэщ ухуэныр щІэгъэпсынкІэнэу, 2018 гъэм зэфІагъэкІым хуэдэу. Ар щаухыну траухуар 2020 гъэрт.

Москва и транспорт ІэнатІэм зегъэужьыным теухуауэ УФ-м и Президент Путин Владимир иригъэкІуэкІа зэІущІэм апхуэдэ жэрдэм кьыщыхилъхьащ министр Соколов Максим.

«Километр 339-рэ зи кІыхьагъыну гъэзэгу укъуэдиныи, зэкІэ кьыззэрыдбжамкІэ, сом мелард 300 ихынущ - меларди 150-р Лъэпкъ зыузэщІынигъэмкІэ фондым, мелард 74-р федеральнэ бюджетым кьыхэкІыу, мелард 76-р хьэрычэтыщІэхэм кьыхалъхьэу», - жиІащ министрым.

А лжьыгъэм текІуэдэну нэхъапэм кьабжауэ щытар сом мелард 232-рэт. ГъэзэгущІэм ихьынур нэхъыбэ щІэхъуам и щхьэусыгъуэхэри, ар кьегъэлэжьыным теухуа и гупсысэхэри кьыззэхузэсахэм я пащхьэ зэпкърыхуэу кьэрилъхьащ Соколовым.

И къалэнхэм полъэщ

УФ-м кьыззэрымыкІуэ щытыкІэ кьыщыхъу хъужьыхуэмэ, псомкІи кьагъэсэбэп хъуну телефон номерым лжьэн щІедзэ. Абы теухуа законым къару игъуэтащ дыгъуасэ щыщІэдзауэ.

«112» номерыр зэкІэ щылэжьэнхэр Урысей Федерацэм и щыналъэхэм ящыщу бгъурі. Правительствэм и комиссэм ищІа унафэм ипкъ иткІэ, ар тэмэму лэжьэныр апхуэдэуи щызэтраухуэнущ къэралым и къалэшхуэ псоми, - жиІащ УФ-м кьызэрымыкІуэ щытыкІэхэмкІэ и министр Пучков Владимир. - КьищынэмыщІауэ, щІыхуэхэр зэса «01», «02», «03», «04» телефон номерхэри зэкІэ пачыныкъым, мыдрейм и лэжьыгъэр зэтеухуа хъуху».

«Гузэвгъуэ хэхуа щІыхуэм Іэмал зэриІэкІэ нэхъ псынщІэу дэІэпыкъунырщ а къулыкъум и къалэнри, ар нэхъ пасэу щІыхапща щыналъэхэм наІуэ кьызэрыщІыхуащи, ар и пщэрыльхэм хъарзынэу полъэщ. - жиІащ министрым. - Псалъэм папщІэ ар хъарзынэу щолажьэ Тэтэрстаным, Курск областым, нэгъэущІ щІыналъэхэми».

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

Дунейм щыхъыбархэр

Ахъшэ нэхъыбэ текІуадэми

УФ-м Транспортымкіэ и министерствэм кьыхилъхьащ Москва къыпэзыкІуэ автомобиль гъэзэгъэнхэщ ухуэныр щІэгъэпсынкІэну, 2018 гъэм зэфІагъэкІым хуэдэу. Ар щаухыну траухуар 2020 гъэрт.

Москва и транспорт ІэнатІэм зегъэужьыным теухуауэ УФ-м и Президент Путин Владимир иригъэкІуэкІа зэІущІэм апхуэдэ жэрдэм кьыщыхилъхьащ министр Соколов Максим.

«Километр 339-рэ зи кІыхьагъыну гъэзэгу укъуэдиныи, зэкІэ кьыззэрыдбжамкІэ, сом мелард 300 ихынущ - меларди 150-р Лъэпкъ зыузэщІынигъэмкІэ фондым, мелард 74-р федеральнэ бюджетым кьыхэкІыу, мелард 76-р хьэрычэтыщІэхэм кьыхалъхьэу», - жиІащ министрым.

А лжьыгъэм текІуэдэну нэхъапэм кьабжауэ щытар сом мелард 232-рэт. ГъэзэгущІэм ихьынур нэхъыбэ щІэхъуам и щхьэусыгъуэхэри, ар кьегъэлэжьыным теухуа и гупсысэхэри кьыззэхузэсахэм я пащхьэ зэпкърыхуэу кьэрилъхьащ Соколовым.

И къалэнхэм полъэщ

УФ-м кьыззэрымыкІуэ щытыкІэ кьыщыхъу хъужьыхуэмэ, псомкІи кьагъэсэбэп хъуну телефон номерым лжьэн щІедзэ. Абы теухуа законым къару игъуэтащ дыгъуасэ щыщІэдзауэ.

«112» номерыр зэкІэ щылэжьэнхэр Урысей Федерацэм и щыналъэхэм ящыщу бгъурі. Правительствэм и комиссэм ищІа унафэм ипкъ иткІэ, ар тэмэму лэжьэныр апхуэдэуи щызэтраухуэнущ къэралым и къалэшхуэ псоми, - жиІащ УФ-м кьызэрымыкІуэ щытыкІэхэмкІэ и министр Пучков Владимир. - КьищынэмыщІауэ, щІыхуэхэр кьызэрыджаІамкІэ, КъБР-м Транспортымкіэ, связымрэ гъэзэгу хозяйствэмкІэ и министерствэм и нэІэ тету кьрахьэлІэ лэжьыгъэр зы махуэ зэпыуркъым: зэраухуэ пкъгъэхэмрэ зыхуеину техникэмкІэ компаниер тэмэму кьызэгъэпэщащ.

Накъыгъэ мазэм зи къалэнхэм пэрыхьа «Кавказстрой»-м зэфІэкІыу иІэр ирехьэлІэ кьыпэщылъ лэжьыгъэхэр кьыхуагъэувэ пІалъэм фІэмыкІыу кьызэрырахьэлІэным.

Ухуэныгъэ

Лъэмыжхэм йолэжь

Ди республикэм и лъэмыжхэр зыхуей хуэгъэзэным ухуакІуэхэр йоужьрэкІ.

ИДЖЫПСТУ Къэбэрдей-Балъкъэрым къагъэсэбэп лъэмыжу 198-рэ итщ, псори зэхэту километр мини 7 я кІыхьагъуу. Абыхэм я нэхъыбэр щауху́ар блэкІа лІэщІыгъуэм и 60 - 70 гъэхэрауэ щыщыткІэ гурыІуэгъуэщ, дэтхэнэ зыми ремонт лэжьыгъэшхуэхэр ещІыхІэн хуейуэ зэрыщытыр. Аращ иужьрей илъэс зэкІэлъыкІуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъуэгуукуэхэр щІэмыбзэрыгъыр.

Мы зэманым лжьыгъэшхуэхэр кьыщрахьэлІэ Прохладнэ кІуэ гъуэгум хуэгъэзауэ Бахъсэныпсым телъ лъэмыжым. Ар зэрегъэпэщыжк «Кавказстрой» гъуэгуукуэ компаниим.

Зи гугъу тщІы лъэмыжым метр 14 и бгъуагъщ. Абы и лъэныкъуитІымкІи кьыщыгуагъэкІынущ метри 3 зи бгъуагъ лъэ лъатуэхэр. УхуакІуэхэм кьызэрыджаІамкІэ, КъБР-м Транспортымкіэ, связымрэ гъэзэгу хозяйствэмкІэ и министерствэм и нэІэ тету кьрахьэлІэ лэжьыгъэр зы махуэ зэпыуркъым: зэраухуэ пкъгъэхэмрэ зыхуеину техникэмкІэ компаниер тэмэму кьызэгъэпэщащ.

Накъыгъэ мазэм зи къалэнхэм пэрыхьа «Кавказстрой»-м зэфІэкІыу иІэр ирехьэлІэ кьыпэщылъ лэжьыгъэхэр кьыхуагъэувэ пІалъэм фІэмыкІыу кьызэрырахьэлІэным.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

Зыми имей хуабэщ

УФ-м и къалащхьэм кьыщежьа щІэпщытыкІыныгъэхэр къэралым и адрей щІыпІэхэми щокІуэкІ.

Хабзэр къызэпаудауэ ди къэралым щылажьэхэр кьыщыщІагъэщащ Волгоград областим. Абы и Городищенскэ районым щаубыдащ Китайм щыщ щылэжьащэ щылажьэ хуабэщ, ЗэрыжаІэмкІэ, гектар 30 иубыду а куэйм хуабэщ зэрыщылажьэр кьэрал кьулыкъущІэхэм ящІакъым. Ауэ хабзэхъумэхэм абы щэч кьытрахьэ - гъэзэгубгъу дыдэм деж зыщызэубгъуэ Іуэхущ-Іапім гу лъымытэнкІэ Іэмал иІэхъум. Иджы зэхагъэкІ ар хэт ейми.

«Китайм и щыхухэм, абыхэм сабии яхэту, полицейхэм кьрагъэлъагъуфакъым ди щІыналъэм щыІэну хуит зыщІ зы дэфтэрри. Иджыпсту аэрэ Іэпхъэщащхьэ Іуэхуэхэмкіэ къудамэм яшащ, Іэхур зэхагъэкІын щхьэкІэ», - жиІащ щІыналъэ МВД-м и лІыкІуэ Смольяниновэ Светланэ.

НОБЭ

♦Іэ сэмэгур нэхъ зыгъэщхьрыкуэхэм я дунейпсо махуэщ.

♦1942 гъэм Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэм фашистхэм я бийуэ пэкІу ирагъэкІуэкІащ.

♦1961 гъэм ухуэн щІадзащ Берлин тІуэу зыгуэш блынэр.

♦Щыщхьэуіум и 13 -17-хэм Калининград щекІуэкІынущ лъэпкъ щэнхабзэхэм я II дунейпсо фестиваль, «Мамырыгъэм и щІыналъэ-2013» зыфІащащ.

♦Мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор, УФ-м щэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Тхьэкіушынэ Нухь** кьызэралъхурэ илъэсри 105-рэ ирокъу.

♦Кубэ революцэм и пашэ, а къэралым и унафэр илъэс 43-кІэ зыІэщІэлъа **Кастрэ Фидель** и ныбжьыр илъэс 87-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щІыхь зиІэ и артисткэ, уэрджыакІуэ цІэрыІуэ **Бэгъуэтых Светлана** кьыщалъхуэ махуэщ.

♦Химиэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩІДАА-м и академик **Мэшыкъуэ Нуралий** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

♦Полицэм и генерал-полковник **Кіуэкіуэ Юра** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.

♦УФ-м, КъБР-м, КъШР-м щІыхь зиІэ я артист, Пуччини и цІэкІэ опернэ уэрджыакІуэхэм Милан (Италие) щрагъэкІуэкІа зэпеуэм щытекІуэ **Ташло Алий** и ныбжьыр илъэс 50 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриІэтыкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 26-рэ, жэщым градус 18 - 19 щыхъунущ.

Зыгъэхъэзырыр **ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.**

Лъэкэн щІыналъэ

И кІэм нагъэс

Лъэкэн районым и Іэтащхьэ Кебековэ Валерий кьипщытащ Урыху кьуажэм и школыр зэгъэпэщыжыным ехьэлІа лэжьыгъэхэр зэрекІуэкІыр.

ЗЭРАГЪЭПЭЩЫЖЫН зэрыхуеим кьыхэкІыу, школыр ильэситКІэ зэхуащІауэ щытащ. Лъжьыгъэм нэгъабэ и жэпуэгъуэм щІадзащ 2010 - 2014 гъэхэм КъБР-м псэупІэ унэхэм, псэуалъэ нэхъ мыхьэнэшхуэ зиІэхэм, гъащІэр зэпыта Іуэхущ-Іапім я хэщІапІэхэм я быдагъэр КъБР-м щыхэгъэхьуэн- республикэ программэм ипкъ иткІэ. Районым и Іэтащхьэм зэрыжиІамкІэ, мы зэманым Іуэхур и кІэм нагъэблагъэ.

Лъжьыгъэ псоми сом мелуан 52,3-рэ трагъэкІуэдащ.

ШколыщІэм еджакІуэхэр екІуэлІэнущ 2013 гъэм фокІадэм и 1-м.

ГУЭТЫЖ Залинэ.

Тэрч щІыналъэ

ПІалъэм фІагъэкІакъым

Новэ-Хьэмидей кьуажэм щыІэхэт «Джэршыхъ ИП» мэкъумэш-фермер хозяйствэм и лъжьакІуэхэм мы илъэсыр яхуэІеякъым. Псом хуэмыдэу гъавэ бэв кьариташ, щ ектарым хуэзэу центнер 40-50 кьызыптраха бжьыхьэхэ гуэдым.

ХЭГЪУЭР кІэрыхуншэу кьрахьэлІащ, гъавэм зыхуей хуэзэу елжьыжьынуи хунэсахэщ. Апхуэдэу гъэтІылъыпІэхэм щІагъэзэгъэжащ занщІэу зэкІуэщІапхъжэгъэ губгъуэм ираша хьэуаэзри.

Зыхуеину техникэмкІэ нэсу хозяйствэр кьызэзыгъэпэща унафэщІхэм я фІыгъэщ Іуэхур тэмэму, пІалъэми фІэмыкІыу зэрызэфІахар.

«Джэршыхъ ИП»-м и мы илъэсым хиса «Станичная» гуэдз лЪуэжьыгъуэм фермерхэр арэзы кьищІащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Сурэтыр КАЮДИН Евгений *трихащ.*

● Гу зылъытапхъэ

Ирехъу Іуащхьэмахуэ Урысейм и дамыгъэ дахэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и папщІэ, Европэ псом бгы нэхъ льагэ дыдэу ит Іуащхьэмахуэ «Урысей 10» зэпеуэм ипэкІэ щагъэкІуэтэн мурадкІэ Абхъазым и утым махуиплІ и пэ зэхьхьэ щрагъэкІуэкІащ.

ВГТРК-м и «Къэбэрдей-Балъкъэр» телевиденэм жэрдэм ищІу кьиІэта Іуэхур КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм диІыгъащ. Къанокъуэ Арсен Интернетым щиІэ твиттер напэкІуэцІымкІэ республикэм щыпсэуэхэр Абхъазым и утым екІуалІэу. «Насыпым и Іуащхьэм» папщІэ ІэІэтым хэтыну кьыхуриджащ.

Налшыкдэсхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыналъэхэм, къалэхэм кьикІауэ пэкІум крихьэлІаХэм фІэхъус псалъэкІэ зыхуагъэзащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Іым и къуэдзэ **Къуэдзокъуэ Мухьэмэдрэ** ВГТРК-м и «Къэбэрдей-Балъкъэр» телевиденэм и Іэтащхьэ **Къэзанш Людмилэрэ**.

«Урысей 10» зэпеуэр Іуэху дахэщ, абы и къалэн нэхъыщхьэр ди къэралым и щІыпІэ нэхъ дахэхэр дамыгъэщІэу кьыхегъэхьнырщ. Абыхэм я теплъэр, щІыкІэр Москва областым «Урысейм и хадэр» щыщахуэхкІэ къаргъэсэбэпнущ. НэхъыфІу кьалъытэу нэхъыбэрэ зи цІэ ираІуэу кІэух зэпеуэм хэтыну зыхуагъэфащахэм Іуащхьэмахуэ яхэтщ», - захуигъэзащ къэзэхуэсахэм Къуэдзокъуэм.

ЗэІущІэм и кІуэцІкІэ абы кьрихьэлІэхэм Іуащхьэмахуэ папщІэ Іэ зэралэтам и фІыгъэкІэ 41-нэ увыпІэм щыта Іуащхьэмахуэ 39-нэм Іэпхъэщащ. СыхьэтитІым кьриубыдэу щІыху мин 30-м Іуащхьэмахуэ папщІэ Іэ яІэтащ.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, «Урысей 10» зэпеуэм и етІуанэ Іыхьэр фокІадэм и 29 хуэдизкІэ Іынущи, ипэрей 30-м Іуащхьэмахуэ хиубыдэн папщІэ, иджыри минищэрэ Іэ тІэтын хуейщ.

Хэхыныгъэр проектым и Интернет сайтым зэрыщкІуэкІым кьащынэмыщІауэ, телефонкІи СМС ебгъэхь мэхъу.

ПЩЫГЪУЭШ Іэсият.

● Мэшыкъуэ-2013

Псыхуабэ утыку щрахьэ

«Мэшыкъуэ -2013» щІалэгъуалэ форумым КъБР-м щыщу кІуэнухэр хуагъахьэзыр. Абы и къызэгъэпэщакІуэхэм къызэрагъэпэлъэмкІэ, адрей ильэсхэм ельытауэ мыгъэрейхэм я зэхьхьэр кудкІэ нэхъыфІу, зыхуей хуэзэгъауэ щытынущ. Иджы гуПытэ щхьэхуэ зыхуащІахэм ящыщу ныбжьыщІэхэр Интернеткіэ кьызэрызэрагъэпэщынумрэ зэІущІэм хэтынухэр зэрагъэшхэнумрэ. Мы гъэм ди республикэм щыщу абы кІуэну ныбжьыщІэ 240-рэ кьызыхьэжащ Іыхьитіу гуэшауэ щытынущи ямпэ Іыхьхэм щыІэхуи 120-рэ, етІуанэми апхуэдизу трагуэшащ. Ямпэ Іыхьхэм хэтынухэм я проектхэр яІыгъу щыщхьэуІум и 14-м Псыхуабэ (Пятигорск) кІуэнущ.

2011, 2012 гъэхэм екІуэкІа формужэм ямпкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым икІа ныбжьыщІи 160-м я проектхэр пхагъэкІри, ахэр ирырагъэзэщІэну мыгъэкуклэ дэІэпыкъуныгъэ зэрытащ. Мы гъэм Мэшыкъуэ щекІуэкІыну щІалэгъуалэ зэхьхьэм сом мелуаниз щ хуахьхьнущ.

Къыхэгъэщыпхъэщ, ипэ илъэсхэм щІалэгъуалэм утыку ирахьэ проектхэр хьэрычэтыщІэ Іуэхухэм, мыпку кьегъэщІы-нымехьэлІауэ щытамэ, иджы абы хэтыну зезыгъэтхахэм и нэхъыбэм я лжьыгъэхэм социальнэ унэтІныныгъэ зэраІэр.

«Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондент Щомахуэ Залинэ *(сурэтым)* «Пъэпкъым и хьутыкъэфІыгъуэ» проект итхъхьэзырауэ Мэшыкъуэ кІуэну апэ гупым хэтщІ, гъуэгу махуэ техьэну, ехьулІэныгъэфІэр зыІэригъэхьну дыхуохьуахъуэ!

ИНЭРКЪУЭ Данэ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Таурыхъ щІэупщІэм таурыхъ ещІэ.

● Энергетикэ

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

КЪБР-м электрокъарур къыщызыгъэсэбэпхэм папщІэ

КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщі Хьэсанэ Руслан иджыблагъэ Іуащащ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым электрокъарукІэ къызэрыгъэпэщ ПОО-м зэгурыІуныгъэхэр иращыІэнымкІэ КЪБР-м и Правительствэр дэІэпыкъуэгъуэщ зэрыхъур.

АХЭР тепсэльыхьыщ республикэм и энергетикэ ІэнатІэм зегъэужьынымкІэ зэфІэгъэкІыпхьэхэм. ЛъэныкъуэмкІи къыхагъэщащ псэупІэ-коммунальнэ ІэнатІэм, псыкІэ къалэр къызэрыгъэпэщ Іуэхущ Іапіэхэм, апхуэдизкІэ зэпиштагъэр хьумэнымкІэ Іуэхущ Іапіэхэм къагъэсэбэпа электрокъарум и хъэрэр зэратыр егъэфІэкІуапхъэ къызэрыльытэр. КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщім къыхигъэщхьэхукІащ республикэм и Іэтащхьэ Къаночкъуэ Арсен къинтъуэва кьалэным тету дебитор щІыхуэр икІыІэ пшынывжьым гулыхтэщхуэ зэрыхуащІыр. КЪБР-м и Іэтащхьэм зыхуэфащэ ІэнатІэ ІоуІэ и щхьэ ирилъхьащ электрокъарумкІэ щІыхуэ псори зытратэжІыкъыжьи хуейуэ.

Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и щІыналъэхэр электрокъарукІэ зэблэу къыхэмыкІыу къызэрагъэпэщыну зи кьалэн Іуэхущ Іапіэхэм я зэгуфэныгъэм и Іэтащхьэ Ейст Александр хэхауэ жиІащ ди республикэм и кьалащхьэм электрокъарур къыщызыгъэсэбэп псоми «Къэббалъкъэнерго» ОАО-м зэгурыІуныгъэхэр иращыІэнымкІэ КЪБР-м и Правительствэр дэІэпыкъуэгъуэщ зэрыхъур.

ЕкІуэкІа псалъэмакъым къыхэщащ электрокъарур къызыгъэсэбэпхэм Іуэхутхьэбзэ хуэзыщІэ центрхэр къызэІуахыну зэрамурадыр. «Дыгъэрыт маэзм и кІуэным ирихьолІэу апхуэдэ центрхэр Осетие Ищхьэрэ-Аланием, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым къыщызэІуахынущ. Абы теухуа лэжьыгъэхэр я гуащІэгъуэу йокІуэкІ», - жиІащ Ейст Александр.

Мы Іуэхур и зэманым зэфІагъэкІын папщІэ КЪБР-м и Правительствэрэ ящІэ КъБР-м и Правительствэрэ апхуэдэ дэІэпыкъуныгъэм хеубыдэ электрокъарур къызыгъэсэбэпхэм Іуэхутхьэбзэ щыхуащІэ Іуэхущ Іапіэхэм ящыщ зыр кьалэн куэд зэфІэзыгъэкІ республикэ центрым и унэм зэрыщылъжьэнур.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-ІуэхущІапІэ.

● Махуэшхуэ

НэщІикІыж хьидыр ягъэлъапІэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым ис мусльымэнхэм НэщІикІыж хьидыр щыщхьэуІум и 8-м ягъэльэпІащ.

МАХУЭШХУЭМ екъэлІа Іуэхуэгъуэ нэхъ инхэр Налшык и мэкъумэщ нэхъыщхьэм щекІуэкІащ. Махуэкум и пщэдджыжьым абы цІыхур щІэзу къызэхуэсат.

- Мы дакъикъэхэм дуней псом и щІыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэм щыпсэу ди кІуэш, ди щыпхъу мелуанхэм НэщІикІыж хьидыр зэдгъэльапІэ, - жиІащ къызэхуэсахэм нэмэз льапІэр яригъэщІыным щІымыдзэ щыкІэ КЪБР-м и мусльымэнхэм я дин Іуэхущ Іапіэм и унафэщі **Дзасэжь Хьэзрэталий**. - Абыхэм Алыхь Иным зыхуагъэщхь икІи я нэщІри нэмэзри къабылу Іихыну йолъэІу, Рэмэдан маэзм фІэщхьуныгъэ льэщрэ гуГьапІэ дахэрэ кьахуинхьыну щІохьэпс.

Адэжі Къэбэрдей-Балъкъэрым и муфтийр кІуэджащ щІыпІэ куэдым кърагъэхэ хьэхъу телеграммэхэм. Ахэр кьабгъэдэкІащ Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщі Медведев Дмитрий, гъунэгъу республикэхэм я Іэтащхьэхэмрэ дин лэжьакІуэхэмрэ, къэрал кьулыкъущІэ куэдым.

Республикэм и Іэтащхьэ Къаночкъуэ Арсен Нэщ-ІикІыж хьидыр махуэшхуэм ирихьолІэу цІыхухэм зэрызахуигъаэзэм КЪБР-м и вице-премьер **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд** къызэхуэсахэм кьахуеджащ. «Къэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъуэм щытыкІэр щефІэкІыжыр куэдкІэ елъытащ мусльымэнхэм, - итщ абы. - Къэраллым и сэбэп хэльщ ислъамым и щэнхабзэ, псэкупсэ хабзэхэр - мамырыгъэм, зэрахьэ диным ямылъытаеу цІыхухэм пщІэ зэхуащІыным, гъунэгъугъэр гъэльэпІэным, гумащІагъэм, зызэщІэгъэкъэзэным хуэунэтІахэр - къэгъэщІэрэщІэным».

Рэмэдан маэзр зэрирухам папщІэ яІэта хъуэхъухэм иужькІэ къызэхуэсахэм нэщІикІыж нэмэз льапІэр зэдащІащ. Аэхр Алыхьтэлэм елъэІуащ ди щІналъэм сыт щыгъуи мамырыгъэмрэ зэгурыІуныгъэмрэ щытепщэну, абы щыпсэухэм узынщагъэр дэрэжьегъуэрэ яІэну, етІанэгъэ пІалъэ гуфІэгъуэкІэ нэсыну.

ХЬЭТАУ Исльам.

Къуэдзокъуэ Мухьэмэдрэ Дзасэжь Хьэзрэталийрэ я псалъэ.

● Псапэ

ПІалъи гъуни иІэкъым

Сирие Хьэрыр Республикэм илъэситІым щІигъуауэ щекІуэкІ зауэм и хьэзабыр дыркъуэ ину зытридзэ ди лъэпкъэгъуэхэм я Іуэхум иримыгъуазэ адыгэ зы щІыпІи щыпсэуркъым.

МАФІЭМ зи щхьэр хэль хэхэс адыгэхэмрэ хэкур ззэыгъэгъуэтыжа ди къуэшхэмрэ зы мащІэкІэ нэхъ мыхьуми ядэІэпыкъун мурадкІэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм жэрдэм къыхилъхьауэ щытащ марафон жьпхъэм ити ахъшэ зэхуихьэсыну. Ар щекІуэкІа махуэми къыкІэлъыкІуэхэми цІыхухэм яхэлъ гущІэгъэм и щыхьэту Сирием щыщ ди къуэшхэм папщІэ ахъшэ зэхуахьэс. Налшык кьали, республикэм и райончэмэ псапащІэ Іуэхухэр щекІуэкІащ, гъунэгъу хэгъуэгъэмэ, ди къуэш республикэхэми, хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэми яхуэзэфІэкІ кьагъанэркъым. Мы Іуэхум зи гуащІэ хэзыльхьэр адыгэхэм я закъуэкъым, атІэ дэ кьыддэпсэу адрей лъэпкъхэм ящыщхэми яІэ мащІэмкІэ зыщІагъэкъуащ гуэзвэгъуэ хэхуахэм.

СЭсР-м щыщ ди лъэпкъэгъуэхэм мыкъулкІэ ядэІэпыкъун папщІэ газетхэм кьыградзауэ щыта банкым и счетым ахъшэ езыгъэхьахэрщ и лъабжьэм щыщыхьар. ЯІэр куэдми мащІэми, ДАХ-м хэрихьэжьа псапэ Іуэхум кьыпэджжащ Іуэхущ Іапіэхэри, пенсэ ныбжьым нэсахэри, зи кьару илъыгъуэхэри. Кьапщтэмэ, «хьэрыпІ гъатхэр» кьыщежьа дыдэм, ди лъэпкъэгъуэхэм я лэпу защІэзыгъэкъуахэм ящыщщ «Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэр. Абы иджы хилъхьа сом мин 20-м нэмыщІ, нэгъаби сом мини 10 ДАХ-м иригъэхьауэ щытащ. Я гуащІэдэкІкІэ ди къуэшхэм япэІэбащ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхьыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ЪьэфІыцІэ Мухьэмэд, ДАХ-м и тхьэмадэ Сэхъуркуэ Хьэутий, КЪБР-м и Парламентым ФедерацэмкІэ Советым сенатору игъэЖІуа Бечелов Ильяс, нэгъуэщІхэри. Банкым ахъшэ хэзыльхьахэм я бжыгъэр куэдкІэ нэхьыбзщ, ауэ цІэ-унэцІэ къарамыІуэу зи мыльку хэзыгъэщІаи щІэзщи, псапэу Тхьэм хъаритыж.

Псапэ щІэным пІалъи гуфІэгъуэ иІэкъым. Ди къуэшхэм кьаІэлэса гуэзвэгъуэр кьыгфІэмыІуэхуныр лъэпкъыр зыгъэбгъуэлъэ Іуэхущ. Нобэ дахуэхахэм дадэвгъэІэпыкъу, къуэш гущІэгъуэ дакъыхущІэвгъэкІ.

Иджыри зэ фигу кьыдогъэкІыж:

КЪБР-м и ят Іуэхущ Іапіэхэм, цІыху щхьэхуэхэм ягу пыкІ ахъшэр мы счетым ираІэхь:

ИНН 0711040610/КПП 072101001
Расчетный счет 40703810060330000227
БИК 0407026660
Корсчет 30101810600000000660
В Кабардино-Балкарском ОСБ №8631, КБР, г. Нальчик, ул. Пушкина/Кешокова, 33-А/72.

Банкым ахъшэ езыгъэхьахэр

1. **«Трек» ООО** - сом 3000
2. **Блий Амурбэч** (Налшык) - сом 1000
3. **Тхьэмокъуэ Хь. М.** (Шэджэм) - сом 1000
4. **Сэхъуркуэ Анатолэ** (Хьэмдзхьум и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш колледж, Старэ Шэрджэ) - сом 16 600-рэ
5. **«Горный родник» санаторэ** - сом 20 000
6. **Кьуажей Мира** (Налшык) - сом 300
7. **Джэтокъуэ Юрэ** (Кьэхъун) - сом 500
8. **Дзбагъуэ Исльам** (Черкесск) - сом 1500-рэ
9. **Бгъэжьнокъуэ Лидэ** (Налшык) - сом 1940-рэ
10. **Фиізпщэ Зулькъанин** (Налшык) - сом 3000
11. **Уэзрокъуэ Аслъэн** (Налшык) - сом 3100-рэ
12. **Тау Пщыкъан** (Налшык) - сом 5000
13. **Шыгъушэ Исмэхьил** (Зеикъуэ) - сом 1000
14. **Уянаев Кязым** (Налшык) - сом 1000
15. **Тэрч районым финансхэмкІэ и управленэм** - сом 1400-рэ
16. **Щыхьмырэз Мухьэмэд** (Налшык) - сом 10 000
17. **«Элеватор» ООО** - сом 15 000
18. **Памжьыкъуэ Умар Фарукъ** (Европэм щыІэ Адыгэ Хасэхэм я Федерацэ) - сом 115 210-рэ
19. **Архаст Валерэ** (Налшык) - сом 20 000
20. **Тэрч район сымаджэщ** - сом 41 200-рэ
21. **Мамхэгъ Хь.** - сом 1000
22. **Мэлбахъуэ Тимборэ и цІэр зезыхьэ къэрал библиотекэ** - сом 14 300-рэ
23. **Вэрий Маринэ** (Тэрч) - сом 170 600-рэ
24. **ХьэхъупащІэ МуІэед** (Налшык) - сом 1000
25. **«Пенинцы» мэкъумэш кооператив** (Май) - сом 30 000
26. **Щокъал Тимур** (Тэрч) - сом 4080-рэ
27. **Бечелов Ильяс** (Москва) - сом 10 000
28. **КЪБР-м и Профсоюзхэм я федераця** - сом 10 000
29. **КъуэлІуфэ Хьэчим** (Налшык) - сом 1500-рэ
30. **Сэхъуркуэ Хьэутий** (Налшык) - сом 10 000
31. **ЩыбзыкъуэІ Аслъэн** (Налшык) - сом 270-рэ
32. **«Адыгэ псалъэ» редакцэ** - сом 20 000
33. **Тохъутэмыщ Мухьэмэд** (Налшык) - сом 1000
34. **Шапсыгъэ Хъусэн** (Налшык) - сом 500
35. **Астэжь Амир** (Черкесск) - сом 500
36. **КІэрэфхэ я бзыльхъугъэ** (Налшык) - сом 5000
37. **Темиржанов Махъты** (Къэшкъэтау) - сом 29 100-рэ
38. **ХьэфІыцІэ Мухьэмэд** (Налшык) - сом 7000

Мэкъуаэгъуэм (июным) и 29-м екІуэкІа телемарафоным хэтахэм псапэ Іуэхум халъхьащ сом 1. 348. 936-рэ. ЩыщкъэуІум и 5-м нэсыкъ я бжыгъэм сом 918.842-рэ хэхуащ.

● Хьэбар гуапэ

ЩІыхь зиІэхэр

Налшык кьалэ округым и щІыпІэ самоуправленэм и совет ым и депутатхэм «Кьалэм щыкъ зиІэ и цІыху» щІэ льапІэр яфищащ Исмэхьил Алийрэ Абдуллаев Мустэфарэ.

Исмэхьил Алий 1926 гъэм щэкІуэгъуэм и 6-м ДАССР-м и Буйнакск районым щыщ Каранище Ищхьэрэ къуажэм къыщалъхуащ. 1944 гъэм шоферу лэжьэн щІидзащ. Ильэс 60-м щІигъуэм къриубыдэу «Советская молодежь» (Налшык кьалэ), «Коммунист» (Бахъсэн кьалэ) газетхэм щылэжьащ, КПСС-м и Ленин райкомым и ятэ секретарь, Налшык кьалэм и Іэтащхьэу щытащ. 1987 гъэм пенсэм кІуа иужькІи лэжьыгъэр зэпигъэуакъым. Псалъэм и хьэтыркІэ, 2005 гъэм кьыщыщІэдзауэ 2008 гъэр къэсыху УФ-м и Суд Нэхъыщхьэм и деж щыІэ Суд департаментым КЪБР-мкІэ и кьудамэм и Іэщащхьэ щытащ. Алий кьыхуагъэфащащ «Щыхьым и Дамыгъэ» орденыр, «И кьару емыблэжу зэрыплэжьам папщІэ. Ленин В. И. кьыз эралъхуэр ильэсэ 100 зэрыриКъуэр ягъэльапІэкІэрэ», «1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхэм фІы дыдэу зэрыщІэлъэкІыр папщІэ» медалхэр. Абы фІащащ «Лэжьыгъэм и ветеран», «Урысейм и Гидрометеокъулыкъым щыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ льапІэхэр, ораташ щыхь тхыль, медаль куэд.

Зауэм, лэжьыгъэм, Іэщэкіэ зэщІэуэзда кьарухэм, хабзэхьумэ органхэм я ветеранхэм я Налшык кьалэ советым и унафэщІ Абдулаев Мустэфа 1933 гъэм мэкъуаэгъуэм и 15-м Гъндэлэн кьуажэм къыщальхуащ. «Вагъуэ ПльыкІэ», «Къулыкъу зэрищІэм папщІэ» орденхэр, «Дагъуэншэу кьулыкъу зэрищІэм папщІэ» медалым и 1-нэ, 2-нэ, 3-нэ нагъыщхэр, «Гъуэзэджэгъ кьулыкъу зэрищІэм папщІэ» медалыр, апхуэдизу юбилей медалу 14 кьыхуагъэфащащ. Мустэфа кьыпхуэмылъытэн хуэдизу хэльхьэныгъэ хуещІ кьыпщІэхьэ щІэблэр Хэку льапІэныгъэ хуиІэным щІэпыкІыным.

«Налшык щІыхь зиІэ и цІыхум» и бгъэхэту дамыгъэр, тхылыр, дипломыр апхуэдизу ящІэ зыльысхэм ирагъэщІ Кьалэм и махуэр гъэльапІэным егъэщІылІа гуфІэгъуэ Іуэхуэхэм хэту. Абыхэм апхуэдизу ахъшэ сакъугъэ сом мин щІырыпщІ хуагъэфащэ икІи мазэ кьэс псэупІэмрэ коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэмрэ щІатым сом мини 1 хуэхальхьэнущ. «Налшык щІыхь зиІэ и цІыху» цІэ льапІэр фІащащ кьалэм и кІуэ, ипхъу 46-м. ЩІыпІэ самоуправленэм и кьалэ советым апхуэдизу цІэр фІэщыпхьн техууа зэІущІэр ильэсым зэ иригъэкІуэжІыу араш икІи ар зэуэ зыфІащыр щІыхуитІым щІигъуркъым.

УЯНАЕВЭ Зариныэ.

Мы гъэм и ятІонэрэ ильэс ныкъуэм кьриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и заводхэр щэуэ тонн мин 70-м нэблагъэм елэжьащ.

КъБР-м Мэкъумэщ хозяйствэмкІэ и министерствэм ерыскьыхьэкІхэмкІэ и кьудамэм хъыбар къызэрыдирагъэщІамкІэ, кхъуеймрэ кхъуейльалъэмрэ тонн мин 1,2-рэ нагъэсащ. Ар ильэс кІуам кьыщІагъэкІам нэхъ-рэ процент 34-кІэ нэхьыбэщ.

БылымылымкІи Іуэхур зэхъ Іеякъым - тонн мини 2-м нэс ягъэхьэзыращ. Ари 2012 гъэм елъытауэ процент 21-кІэ хагъэхьауащ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

ЕрыскъыхэкІхэм къахохъуэ

Лым кхъхэщІыкІа ерыскьыхэкІхэр зыгъэхьэзыр ІэнатІэхэм продукцэ зэмылІужьыгъуэу гъэ кІуам къыщІагъэкІам процент 38-кІэ хагъэхьауащ. Псом нэхърэ нэхъыбэу ягъэхьэзырар нэкулъхэкІхэрщ. Ар тонн 215-рэ мэхъу. ЩІакхъуэхэкІыу ягъэжьар и пІэм кьинэжащ - тонн мин 14.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

ЛІыхъужьхэм я лъэужь

● Фэеплъ

Іуащхьэмахуэ лъапэ щыІэ «Терскол» хьэщІэщым и утым иджыблагъэ къыщызэІуахащ Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм Накрэ (Донгуз-Орун башн) щхьэдэхьпІэм деж щекІуэкІа зэхъуэ хьэтхъэм щыхэкІуэда совет зауэлІхэм ящыщ зым къыщІэна хьэжьхущхьэхэмрэ а щыпІэм къыщагъуэтыжа Іэщэ-фащэ лІэужьыгъуэхэмрэ я гъэтІэгъуэныгъэ.

МЫ щІыпІэм зыгъэпсэхуакІуэ къихьауэ утым щрагъэтІылъэкІа хьэпшыпхэр зэпэзыпТхыхьэми дэ, журналистхэми, тфІэтелъыджжэт ильэс 71-рэ ипэкІэ зауэлІым Іэщ Іэтащхьэ щыта фочми топышэхэр зэрызэрахьэу щыта гъущ пхъуантэмэ пкъырыгъ пхъэхэкІхэр зэрымыфар.

«Фэеплъхэм я къэрэгъул» Іуэхугъуэр зэгъуэсэу ярагъэкІуэкІащ УФ-м ЗыхъуэмэкъынымгъэмкІэ и министерствэм къыгъэкІуа Іэщ Іагъэдэлэжьэмэ Эльбрус поселкэм дэт Іуащхьэмахуэ мемориалым и лэжьакІуэхэмрэ. Музэйм и унафэщІ Неппеев Магомед зэрыжиІэмкІэ, Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм бгыпІэ щыпІэхэм щыхэкІуэда зауэлІхэр зэрыгъэтыжьынымкІэ пыщІа лэжьыгъэ гъунэ ираІэ къудейщ. Дапхуэдэу щытми, кьурушыщхьэм бийр щхьэпрамыгъэкІыу зи псэр зыта совет зауэлІхэм я бжыгъэр идкъыри къыздэсым тхыдэм щыІупщІкъым.

- ЗыхъуэмэкъынымгъэмкІэ министерствэм къигъэкІуа Іэщ Іагъэлэ Іхэм дыдейуэ 4 ящыгъущ, - жеІэ Неппеев Магомед. - Кьурушым уэсри мыри щыхэдащ икІи ухуэсакІыпэгъэ абы ущыхэзэхэкІуэн хуей мэхъу. ДэнэкъІэ зыбгъаазэми щыхупІэщ, Іуащхьэ нэкІуэхэр задэщ, щІантхъуэрыгъуэщ, езы мыри зэгуэчаеу зэхуаку щынагъуэрэ и бэщ.

Мы щІыпІэхэр зимыщІыпэльатъу зыгъэпсэхуакІуэхэми Іэщ Іыхьэхэми бгыщ Іыхэми лІыхъужьыгъэ щызезыхьа зауэлІхэм я лъэужь зэрыщыІэм гу зэрыльатэрэ куэд щІащ. Ауэ идакъыщ, нужьрей ильэситІыпІ, хэкІуэда сэлэтхэм къащІэна хьэдэкъупщхьэхэмрэ Іэщэ-фащэхэмрэ зэтеубзыхуауэ лъыхъуэн щыщІадзар.

Накрэ щхьэдэхьпІэм и Іэгъуэблагъэр мы зэманым щІэзыпщытыкІ лъыхъуакІуэхэр гупищ мэхъу, - щхьэт тохъуэ 34-нэ мотострелковэ бгырыкІуэ бригадэм и кьухтакІуэ батальоным и ДзэнкІэ Іуащхьэмахуэ и адрыщІкІэ кьыщыть Курджым ирамыгъэхьэн щхьэкІэ, бийм ерыщу пэщІыщыу зи щхьэ хэзылъхьа совет зауэлІхэм ящыщу зи хьэдэкъупщхьэ кьагъуэтыжарщ. Абы и щІэ-унэцІэр зэхэгъэкІакъым. АбыкІэ а сэлэтым дыщІыгъуу кьагъэтыжа зауэлІ тхыльыр сэбэп зэрыхъунум шэч кьытетхъэркъым.

- Дэрэ бгыхэм кьыщыдокІухьыф, - кьыпещэ и псалъэм Неппеев Магомед. - Ауэ кьурш-зауэ Іуэхум хуеджа, хуэгъэса гупым я зэфІэкІым хуэдэ дэ кьытхуэмыгъэльэгъуэнкІи ущхьт. Дапхуэдэу щытми, апхуэдэ лэжьыгъэ хьэтэр мы щыпІэм щыпсэухэмрэ УФ-м ЗыхъуэмэкъынымгъэмкІэ и министерствэм и кьалэкІуэхэмрэ зэгъуэсу зэрызыдгъэкІуэкІым ар зыльгъэгу щыхуэр, ипсом хуэмыдэу кьытщІэхуэу щІэблэр, хэкупсэу гъэсэнымкІэ мыхьэнэщхуэ иІэщ.

Тхыгъэр сурэтри

КЪУМАХУЭ Аслъэн *ейщ.*

Сурэтхэр **КАЮДИН Евгений** *трихащ.*

● Банк Іуэхухэр

Сом меларди 5-м ноблагъэ

«Урысейм и Мэкъумэщ банк» ОАО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щыпалъэ къудамэм и пресс-ІуэхущІапІэ.

РОЗНИЦЭ кредиту итам и нэхьыбэр - процент 63,5-р - уней подсобнэ хозяйствэм, процент 27,1-р - ипотекэм, проценти 8,3-р потребительскэ щІыхуэм хуозэ.

- ЩІыхуэ къызыщІэхэм я бжыгъэм зэрыхэхьуэм къыхэкІыу, ипотекэ, потребительскэ кредитхэр, автокредитхэр къеІэлъыхъэм тэмэму ядэлэжьэну ІэщІагъэлІ гуп къыхэтхащ, - жеІэ щыналъэ Іуэхущ Іапіэм розницэ уасэхэмкІэ и къудамэм и унафэщІ Таумурзаев Магомет. - Абы тхылъхэм дызэрыхэплъэ зэманым кьыдегъахуэ, ди Іуэхутхьэбзэхэм я фІагъым хегъахьуэ. Урысейм и Мэкъумэщ банкым и кредит тыкІэр щІыхуэм яку ирохь. Апхуэдэщ щхьэщатыкІыпхьэхэр зэрахуигъэмащІэр, щІыхуэр зэрахухьэ пІалъэхэр зэрызэхуэгъэкІуар, пщІэ лей зэраІиныкыр, кьащтар зэщхьэщыхуэу зэрыхалъхьэжыр.

«Урысейм и Мэкъумэщ банк» ОАО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щыпалъэ къудамэм и пресс-ІуэхущІапІэ.

● Мэкъумэщ

КІэлъыплъыныгъэхэр ирагъэкІуэкІ

«КъэкІыгъэхэм я карантиным и ІуэхукІэ» федеральнэ законыр 2000 гъэм къыдэкІащ. Ар гъэзэщІэным теухуауэ УФ-м Мэкъумэщ хозяйствэмкІэ и и министерствэм иужькІэ карантин-фитосанитар къэхутэныгъэхэр зэхэрагъэкІуэкІ щІыкІэм теухуа унафэ къыдигъэкІащ.

КАРАНТИН зэщІыІапхъэ къэкІыгъэхэмрэ узыфэхэмрэ къыщагъуэт губгъуэхэм, уху эныгъэхэм, псы хъумапІэхэм, гъэтІылъапІэхэм, Іэмэпсымэм, транспортым, продукцэ зэмылІужьыгъуэхэм, кьинэмэщІэхэми, фитосанитар и лъэныкъуэкІэ я Іуэху зыІутыр нэхъ тэмэму зэхэгъэкІа хъун папщІэ, пІалъэ пыухыкІам кьриубыдэу абыхэм кІэлъыплъыныгъэ ядэгъэкІуэкІ ин хуеІщ. Апхуэдэ къыхуеджэныгъэ ягъ Россельхознадзорым и Къэбэрдей-Балъкъэр референт центрым иджыблагъэ тхылъ зэбгрищІэхащ.

Карантин-фитосанитар кІэлъыплъыныгъэхэр лІэужьыгъуитІу егуэш: ятІонэрэ и зэманым ирагъэкІуэкІхэращ, етІуанэр - ятІонэ къарикІуахэм щыгъуазэ зыщыхъащІэхэращ.

Россельхознадзорым и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэм къызэритымкІэ, карантин лэжьыгъэхэр зыдегъэкІуэлІыпхъэ къэкІыгъэуэ 2-рэ нэрымылъагъу хьэпІацІэ-хьэпщхупщхэм, къашэ узыфэ зэмылІэужьыгъуэу 7-рэ ди республикэм къыщагъэтащ.

Абыхэм ящыщщ губгъуэжьихапхъэр (амброзиер). Ар метр 1-1,5-кІэ дэкІеи къэкІыгъэщ, бадзэуэгъуэ - щыщхьэуІу мазэхэм мэгъатгъэ. И кьудамэ щхьэкІэхэм щхъуантІагъэ куэд кьыпедзэ. Бжьыхьэм ирихьэлІэу и жылэхэр щхьэнтІагъэ зыдегъэкІуэлІыпхъэ къэкІыгъэуэ 2-рэ нэрымылъагъу щІэм и деж пыбупщІмэ, жылэ ищІыну хунэсырыкъыми, нэхъ щІэх мэкІуэд. Нэхъыбэу уэшх мащІэу кьыщешх щІыпІэхэм кьыщокІ. Іэщым яшхырыкъым.

Хуабжьу зэранщ адамэстыщхьэцри (повиликир). Ар лІэужьыгъуэ зыбжанэу гуэша къэкІыгъэщ. КІапсэ псыгъуэм ещхь и пкъымкІэ адрей къэкІыгъэхэм зыкІэрещІэ. Абыхэм я Іэфіри псыри кьыщІефыкІри, зэранщхуэ яхуохъу. Псалъэм папщІэ, алмэстыщхьэцым зэщІищта иужькІэ, губгъуэхэм траса тхъэмпищым (клеверым) мэкъууи, жылэуи кьитыр мащІэ дыдэ мэхъу.

Адэкіэ кьедбжэкІынщ карантин лэжьыгъэхэр зэщІыпІэн хуеІуэ мэкъумэщым хуэлэ узыфэ зэмылІэужьыгъуи 7-р. Мис ахэр: дыщафэ кІэртІофэ нематодэ, кхъухьэпІэ удз гъэгъа трипс, американ хьэндрабгъуэ хужь, къуэкІыпІэ плодожркэ, калифорние цитовкэ, сэхуран фомопсис, филлоксерэ.

Ди республикэм экономикэ и лъэныкъуэкІэ адрей щІыналъэхэм яхуиІэ эзпыщІынгъэхэм зэпымыууэ хэхъуэ зэпытщ. Дыхуейдыхуэмейми, абы карантинымщІэтхэкІыпхъэ объектхэр нэхьыбэж ещІ.

Карантин и лъэныкъуэкІэ зэлэжьыпхъэ пкъыгъуэхэмрэ абыхэм зыщыгубгъу щІыпІэхэмрэ зэхэгъэкІыныр, ткІиягъэ пылъу и зэманым фитосанитар Іуэхутхьэхэр егъэкІуэкІыныр я кьалэнщ ящІэ дэхэр къыщахута щІыпІэхэр зи Іэмщ Іэ илъхэм. Абыкіэ я Іуэху здынэсам теухуауэ Россельхознадзорым и щІыналъэ кьудамэм и управленэм щІэх-щІэхыурэ хьыбар ирагъэщІэн хуеІщ.

ЗЕКІУЭЛІ Аслъэн.

● ДифI догъэгъапIэ

Гъуазджэр зи гъащIэ

УФ-м, КъБР-м, КъШР-м щIыхь зиIэ я артист, уэрэджы1акIуэ цIэрыIуэ Ташло Алий и ныбжьыр нобэ илъэс 50 ирокъу

*ЦIыхум игъуэт Iэщ1агъэр, лжьыгъэр и гум дыхьэмэ, ар иригъэIакIуэ зэпытщ. ЖыхуэтIэр щынаIуэщ Ташло Алий и деж. Ар кьащIалъхуар Дзэлыкъуэ районым хIыхь Малкэ (Ашэбей) къуажэрщ. Школ нэужьым ар щIэтIысхьащ Налшык къалэ дэт Музыкэ училищэм. ПльэситIкIэ еджауэ, дзэм къулыкъу щищIэну ираджащ икIи кьафэмрэ уэрэджы1акIэ абы щыIэ ансамблым хагъэхащ. Гупым хэту Алий КъуэкIыпIэ Жыжьыр кьыззохIыхьащ, Магадан, Сахалин, Чукоткэ, Владивосток, Тындэ, Уссурийскэ, Биробиджан, нэгъуэщI кьалэхэмрэ щIыпIэхэмрэ концерт гукъинэжкэр щиту. Санкт-Петербург дэт консерваторэр 1992 гъэм кьынухри, Налшык дэт Музыкэ театрым къыкIэльыкIуэ ильэсым лэжьэн щыщIидзащ. Апхуэдэуи ар Дагъыстэным оперэмрэ балетымкIэ и театрым, Пятигорск опереттэм и театрым ядэлажьэу кьоГуэгурыкIуэ.

1995 - 1996 гъэхэм Ташлор хэтащ Карузэ Энрикэ, Пуччини Джакомэ сымэ я щыхьэIэ Милан къыщыIэзрагъэпэща дунейпсо зэпеуэхэм. КъищынэмыщIауи, Ла Скала оперэ театрым и режиссер нэхъыщхьэ Негри Робертэ уэрэджы1акIуэр иригъэблагъэри, и Iэзагъэм абы и деж щыхригъэхъуащ.

Алий фы дыдэу кьеХуэлIахэм ящыщщ Вердди Джузеппе и «Травната», «Риголетто», Чайковский Петр и «Евгений Онегин», «Иоланта», Леонкавалло Руджерэ и «Паяцы», Пуччини Джакомэ и «Тоска» оперэхэм щигъэзэщIа роль нэхъыщхьэхэр.

И ильэс 50-мрэ лэжьыгъэ Iэнат1э зэрыпсэрытрэ мы гъэм ильэс 20 зэрыриткъумрэ екъэлIауэ уэрэджы1акIуэм пшых гукъинэжи иджыблагъэ щыхуэзэхащ Профсоюзхэм Щэнхабзэмкiэ я уиэм. Республикэм и щэнхабзэм хэлъхьэнигъэкIэ зэрыхуищIым папщIэ, Ташлом Парламентым и щIыхь тхыльыр кьыхуагъэфэщащ, «Щэджэм кьалэм щIыхь зиIэ и цIыху» цIэр кьиз эрыфIащам щIыхьэт текIуэ тхыльыр кьратащ. Концертым кьрихьэлIахэр абы игъэтущхуащ и уэрэд нэхъыфIхэмкIэ.

Ташло Алий дыIуцIэрэ иджыблагъэ депсэльащи, и гупсысэ-мурадхэмкIэ ди гуапэу дывдогуашэ.

Ташлор и ныбжьыгъуэхэм яхэту.

Узэгъыр къогъуж

- Алий, уцIэрыIуэщ, щIыхь-бэм фIыIуэ укъалъагъу. Аехр зэбгъэхъулIэныр гугъуу щыта? Сыт щапхъэ пхуэхьуар, гъуэгугъэльагъуэу хэт уиIар?

- Гугъууи щытащ, иджыри къэси апхуэдэ дыдэщ. КьыззырыщыхьумкIэ, абы нэгъуэщI хэкIыпIэ иIэкъым. «Узэгъыр къогугъуж», - жиIакъэ адыгэ псалъэжьым?!

Тхьэр макьыбэ щыщIапхуэупсэкIэ, абы дзэхэнэри елэжьыжьыкI хуейуэ ящыхьыпхъ. Дыщысабийхэм нэхъ зэхэтхыу щытар уэрэджы1акIуэ нэхъ пажэхэм ящыщу Лемешев Сергей, Магомаев Муслим сымэ я макьыртри, сащедаIуэжIэ сехьуапсэрт, «мыбыхэм хуэдэу уэрэд схужы1арэт», жысIэу. Кьыхьэзгъэщынщи, кьуажэ щIалэ цIыкIум я зэманхэм иджыри сцIыхуртэкъым дунейпсо оперэм щыщIэрыIуэ Паваротти Лучанэ хуэдэу уэрэджы1акIуэхэр. Арами, уэрэд жыIэным пасэу си гур кьхьхуэушат. Школ нэужьым си хьуэпсапIэм нэхъ селэжьу, гугъу зыдгъэзэхьу щIэздзащ. Музыкэ училищэм дыщIэтIысхьэри, деджащ, зыдгъэсащ, абы Iута ди егъэджакIуэфIхэм зэрахуэзэфIэкIкIэ щIэныгъэ кьытхалъхьащ. Амщыкъуэ Хьэбыкк, Кьуэдзокъуэ Владимир сымэ я чэнджэщ куэд кьэзгъэсэбэпащ, зыхьэсIыхьащ, икъуэкIэ сахуэзэрэзэщ абыхэм. Мыри сигу кьинэжащ: Кьуэдзокъуэм зыхуэзгъаэзу (абы и классыратсыщеджар), консерваторэм сыкIуэну сызэрыхуэйр щыжесIэм: «Сыт зэрыпщынур, Алыхьым макъ кьуэтаеу уиIэщи, училищэр кьэухи филармонием уэрэд щыжыпIэнщ», - кьызжиIауэ щытащ. Зыри пэздзыжатэкъым, ауэ си жагъуэ хуэныт...

